

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa dipaké pakakas utama dina kahirupan manusa pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa. Aya opat aspék kaparigelan basa anu perlu dicangkem, éta opat aspék kaparigelan basa téh ngawengku (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Éta kaparigelan téh mangrupa kamahéran anu gumulung atawa gembheng, teu bisa dipilah-pilah deui. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun éta jalma téh parigel ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita. Maca jeung ngaregepkeun kaasup kana aspek reseptif, sedengkeun nulis jeung nyarita kaasup aspek produktif. Nu jadi puseur dina ieu panalungtikan nya éta masalah kaparigelan maca.

Dina pangajaran Basa Sunda di SMK ngawengku opat kaparigelan basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Opat kaparigelan basa téa dina pangajaran basa di sakola kudu diajarkeun kalayan saimbang. Kalungguhan maca geus jéntré mangrupa bagian tina opat kaparigelan basa. Hubungan antara opat kaparigelan basa téh kacida raketna. Upamana waé, maca anu mangrupa kamahéran basa produktif téh jadi *resiprokal* lamun dipatalikeun jeung kamahéran nyarita. Dina ieu hal mah nu nyarita jeung nu diajak nyarita téh bisa baganti peran. Nya kitu deui hubungan nyarita jeung nu nulis sarta maca dina pangajaran basa silih lengkepan pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Carita pondok (carpon) ditilik tina wangunna, nya éta mangrupa carita nu pondok, sacara umum dicindekeun yén carpon téh carita wangun narasi nu *fiktif*, tapi eusina ngajéntrékeun kajadian nu bisa kajadian iraha waé dina kahirupan sapopoé. Numutkeun Kompetensi inti jeung Kompetensi Dasar pangajaran maca nu perlu diajarkeun di SMA/SMK nya éta maca carita pondok. Bahan pangajaran maca carita pondok téh ayana di kelas X SMA/SMK.

Bangbaluh nu kiwari aya di lapangan téh nya éta héséna siswa dina ngaaprénsiasi carpon, utamana dina maca jeung neuleuman ma'nana. Dina salasihiji artikel (<https://www.google.co.id/#hl=en&tbo=d&scient=psy-ab&q=artikel>) disebutkeun yén éta hal bisa jadi lantaran kurangna minat siswa kana maca carpon, jeung guru anu kurang alus dina ngadémonstrasikeun maca carpon kalayan bener. Tétéla dina ieu hal katitén perlu ayana kasaluyuan antara matéri, modél pangajaran, siswa, jeung guru dina prosés diajar ngajar.

Peran guru dina prosés ngajar penting pisan sangkan bisa nyiptakeun kondisi nu hirup dina kagiatan pangajaran, ngamotivasi siswa anu biasana pasif jadi aktif keur lumangsungna proses diajar. Guru kudu bisa méré bahan pangajaran maca anu matak ngirut siswa sangkan teu ngarasa bosen. Ku ayana anggapan éta, pangajaran maca kudu diajarkeun sacara kréatif, variatif jeung matak pikaresepeun siswa ku cara ngagunakeun modél pangajaran anu luyu jeung matéri.

Dina prosés pangajaran, modél pangajaran mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina kagiatan diajar ngajar. Tujuanna sangkan bahan pangajaran bisa katarima kalawan bisa dipikaharti ku siswa. Ku ayana model pangajaran bisa leuwih mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran.

Sangkan tujuan diajar bisa dihontal kalayan optimal, aya sababaraha modél pangajaran, dina prak-prakanana, urang salaku guru kudu inget yén moal aya modél pangajaran nu bisa tepat dina *situasi* jeung *kondisi*. Ku kituna dina milih modél pangajaran pikeun siswa kudu niténan kondisi siswa, sifat matéri ajar, *fasilitas* média nu aya, kondisi guruna sorangan, jeung pangajaranana. Loba stratégi pangajaran, pendekatan, métode pangajaran jeung modél pangajaran, ayana metode jeung modél pangajaran téh sangkan guru leuwih babari jeung leuwih éféktif tur efisien dina ngahontal tujuan pangajaran kalayan maksimal.

Éféktif atawa henteuna hiji modél pangajaran nu diterapkeun, henteu gumantung kana kacanggihan modél pangajaranana wungkul, sabab dina prinsipna taya modél

pangajaran nu dianggap panghadéna, modél pangajaran nu hadé, nya éta modél pangajaran anu saluyu jeung tujuan nu rék dihontal.

Salah sahiji modél pangajaran nu bisa digunakeun dina pangajaran maca carpon nya éta modél pangajaran *explicit instruction*. Modél pangajaran *explicit instruction* mangrupa modél pangajaran anu dirancang pikeun mekarkeun diajar siswa ngeunaan pangaweruh prosedural jeung pangaweruh déklaratif nu bisa diajarkeun dumasar pola saléngkah-saléngkah. Albert (1977, kc 221-269) anu dicutat ku Rahman (2009, kc. 7), ngébréhkeun yén pangajaran langsung didasaran ku tiori diajar sosial, nu leuwih nyoko kana modél prakték. Hasil diajar siswa mangrupa pangaweruh prosedural jeung déklaratif, sarta mekarkeun kamahéran diajar. Lingkungan diajar jeung sistem pengelolaan pangajaran merlukeun perencanaan jeung pelaksanaan utamana ti pihak guru. Ku sabab kitu, modél pangajaran ieu museur ka guru.

Panyusun ngagunakeun modél pangajaran *explicit instruction* lantaran dina ieu modél pangajaran aya hubungan langsung antara guru jeung siswa dina prak-prakan prosés diajar-ngajar, guru nyontoan langsung maca carpon anu hadé di hareupeun siswa, sarta prosésna bertahap, antukna siswa dipiharep jadi bisa maca carpon ngagunakeun penjiwaan, lafal, intonasi anu hadé. Ku kituna, panalungtikan anu judulna: Modél *Explicit Instruction* dina Pangajaran Maca Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya Karawang Taun Ajaran 2014/2015). Perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ku lantaran pangajaran maca loba rupana, ku kituna ieu panalungtikan perlu diwatesan supaya jéntré sarta henteu méngpar tinu geus ditangtukeun. Watesan masalah dina panalungtikan ieu nya éta nalungtik efektif henteuna modél pembelajaran *explicit instruction* dina maca carita pondok siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, panalungtikan ieu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya dina maca carita pondok saméméh ngagunakeun modél pembelajaran *explicit intruction*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya dina maca carita pondok sanggeus ngagunakeun modél pembelajaran *explicit intruction*?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh maca carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pembelajaran *explicit intruction*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél *explicit intruction* dina pangajaran maca carita pondok

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya dina maca carita pondok saméméh ngagunakeun modél *explicit intruction*
- 2) kamampuh siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya dina maca carita pondok sanggeus ngagunakeun modél *explicit intruction*
- 3) signifikan antara kamampuh maca carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *explicit intruction*

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu hadé dina pangajaran maca carita pondok. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun dijadikeun hiji bahan literatur pangajaran di sakola, anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan

siswa dina maca carita pondok.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, diantarana:

- 1) pikeun dijadikeun alternatif modél pangajaran di kelas ku guru sangkan bisa ngaronjatkeun minat siswa kana mata pelajaran basa sunda hususna dina pangajaran maca carita pondok;
- 2) bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok;
- 3) Bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina kagiatan maca carita saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *explicit instruction*

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan matéri disusun kalawan sistematis anu ngawengku lima bab. Dina bab 1 eusina bubuka nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II eusina ngeunaan tiori nu ngawengku tiori modél pangajaran *explicit instruction*, maca, carita pondok, jeung léngkah-léngkah modél pangajaran *explicit instruction* dina pangajaran maca carpon, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung analisis data tina hasil panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan déskripsi tina hasil panalungtikan nu ngawengku prak-prakan panalungtikan, ngolah data hasil panalungtikan, jeung pedaran kaéfektifan modél pangajaran *explicit instruction* dina maca carita pondok.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran.

